# ХОЖАХМЕТ ЕСБЕРГЕНОВ МИЙНЕТЛЕРИНДЕ ҚАРАҚАЛПАҚЛАРДЫҢ ҮРП ӘДЕТ ДӘСТҮРЛЕРИНИҢ ҮЙРЕНИЛИЎИ

**Курамбаева Дилафруз Шавкатовна**
*Бердақ атындағы ҚМУ Этнография, этнология ҳәм антропология қәнигелиги магистранты*

Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери, тарийх илимлери кандидаты Хожахмет Есбергенов қарақалпақ халқының этногенези, тарийхый мәдений естеликлери, қалалар тарийхы, қарақалпақ халқының 1937-38 жыллардағы репрессия дәўири ҳаққында изертлеў жумыслары менен бир қатарда қарақалпақ халқының үрп әдет дәстүрлериниң келип шығыў тамырлары, мәдениятын изертлеўге салмақлы үлесин қосқан илимпазлардың бири.

2023-жыл 18-19 май күнлери Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты Илимий Кеңесиниң 2023-жыл, 10-апрель күнги №3-санлы баянламасы қарарына тийкарланып Қарақалпақстанға мийнети сиңген илим ғайраткери, тарийх илимлери кандидаты Хожахмет Есбергеновтың 90-жыллығы мүнәсибети «Қарақалпақстанда этнографиялық изертлеўлер: тарийх ҳәм заманагөйлик» атамасындағы республикалық илимий-әмелий конференциясы кең түрде белгиленип өтилди [Материаллары:1,3].

Х.Есбергенов Қарақалпақ Мәмлекетлик педагогикалық институтын питкергеннен кейин Москва қаласында Миклуко-Маклай атындағы этнология ҳәм антропология институтында аспирантурада оқыйды. Илимий басшысы Т.А.Жданко, Х.Есбергеновтың этнография илиминиң тарийхы, теориясын тереңирек үйрениўи ушын этнография бойынша дүньяға аты белгили С.А.Токарев, Г.Ф. Дебец, М.О.Косвен, М.Г.Левин сыяқлы алымлардың лекцияларына қатнасыўын шөлкемлестиреди. Х.Есбергенов сол илимпазлардың лекцияларын тыңлаў менен бирге Т.А.Жданконың, С.П.Толстовтың үй архивлериндеги китаплары, Москва, Санкт-Петербургдағы музейлерде сақланып турған тарийхый-этнографиялық мийраслар менен танысады. Х.Есбергенов устазы Т.А.Жданконың басшылығында 1964-жылы «Қарақалпақлардың гейпара дәстүрлери ҳаққында» деген темада Москва қаласында кандидатлық диссертациясын жақлайды [Хожаниязов, Кудияров: 2, 205]. Соң бул илимий жумысы монография болып баспадан шығарылады, онда автор өзиниң мийнетлеринде қарақалпақлардың

турмысындағы шаңарақлық дәстүрлер үрп әдетлердиң болған өлини жерлеў ҳәм асабат бериў дәстүрлериндеги диний исеним көринислери, бул дәстүрлердиң тарийхый тамырлары ҳаққында баҳалы пикирлер айтылады [Есбергенов: 6,11-69]. Сондай ақ Х.Есбергенов қарақалпақ халқының ҳәзирги жасап атырған жеринде халық болып қәлиплескенин ҳәм жасап атырғанлығын дәлиллеўши салмақлы илимий мийнетлер жәриялады.

Х.Есбергенов тәрепинен Қарақалпақстанның қол өнериниң ески нусқаларының көп түрлери ел арасынан жыйналады. Халқымыздан жыйналған бай мийраслары Қарақалпақстан көркем-өнер музейинин фондын байытты, Х.Есбергенов илимпаз этнограф сыпатында қол өнериниң барлық түри бойынша жыйналған үлгилерди ретлестириў, олар туўралы толық мағлыўматларды (затларды тапсырған адамлардың миллети, урыўы, жасаған жерлери, ислеген уста ямаса кийимлерди кестелеген шебер, безениў буйымларын соққан зергер) дала жазыўларына ҳәм арнаўлы ҳүжжетлерге түсириў менен бирге келешекте оларды илимий жақтан изертлеў керек екенин түсинип бул бағдарда изертлеў жумысларын алып барған. Илимпаз өзиниң илимий мийнетлеринде қол өнери буйымларына салынған нағыслардың туўысқан халықлардың нағысларынан айырмашылығын, атамаларын, уқсаслығын, мәнисин түсиникли тил менен салыстырды [Пирназарова :1,63].

Х.Есбергенов ҳәм Ж.Хошниязовтың «Этнографические мотивы в каракалпакском фольклоре» атлы монографиясында Қубла Арал бойы халықларының Волга бойы, Кавказ, Иран, Афганстан аймақлары менен этногенетикалық ҳәм этномәдений байланыслары, қарақалпақ фольклорында өз сәўлелениўин тапқан ҳәзирги қарақалпақ халқының ата-бабаларының мәденияты үйренилген. Сондай ақ бул жумысында қарақалпақлардың өтмиштеги турмысы, шаңарақтағы қатнасықлар, әскерий шөлкемлер, исенимлер, үрп-әдетлер, дүньяғы көз-қараслары менен байланыслы мағлыўматлар сәўлеленген қарақалпақ фольклорының жанрлары болған, ертеклер, аңызлар, әпсаналар, дәстанлар, тарийхый қосықлар анализ етилген еди [Есбергенов:3, 27].

Этнограф Х.Есбергенов өзиниң изертлеўлеринде қарақалпақларда киндик шешениң ролин көрсетип**,** оның келтирген мағлыўматлары бойынша, киндик шеше аўыл ҳаяллары, келинниң анасы ҳәм енеси менен биргеликтеги туўыў мәресимин өткергенлигин, ҳәмиледар ҳаяллар көп балалы, жасы үлкен, босандырыў тәжирийбесине ийе, халық медицинасынан хабары бар киндик шешелерден ҳәмиледар ўақтында өзин қандай сақлаў кереклигин, баланың

ерте туўылыўының алдын алыў ҳәм жаман руўхлардан сақланыў ушын нелерге әмел етиў кереклиги бойынша мәсләҳәтлер сорағанын, киндик шешениң сыйынатуғын қәўендер пири Бийби Фатма, Бийби Ажар ҳәм.т.б. болғанын, баланың туўылыўынан төрт-бес күн алдын ҳәмиледар ҳаял киндик шешеге хабар жиберетуғынын, соның менен бирге қарақалпақлар ҳаялдың босаныў ўақты жақынласқанлығы ҳаққындағы хабарды әшкаралай бермеўге ҳәрекет еткенин, бул жаўыз руўхлардан қорғаныў менен байланыслы деген түсиник болғанын айтып өтеди **[**Есбергенов**,** Атамуратов: 4. 122-129**]**.

Х.Есбергенов қарақалпақлардың миллий дәстүрлериниң өзгешеликлери бойынша бир қанша илимий мийнетлерди дөрете билди ҳәм бир қатар илимий изертлеўлеринде сәўлелендирди. Илимпаздың мийнетлеринде бир қанша жумысларда қарақалпақлардың салт дәстүрлериниң салыстырылыўы мәселелерине археологиялық ҳәм этнографиялық жақтан болған көз қарасқада дыққат аўдарылады [Доспанов:1, 106].

Бастағы шаштың арнаўлы түрде қалдырып өсирген бир бөлеги тулым ямаса «айдары» инсанның қайсы жыныс болыўына қарамастан белгили бир сыйқырлы сыйыныўшы күшке ийе деп есапланған. Мысалы, халық арасындағы Шамун-Наби ҳаққындағы аңызда (легенда) оның теңсиз күши басындағы «Айдар-тулым» ында деп айтылады» [Есбергенов, Ягодин: 5, 49]. «Айдар» өсириў бойынша илимпаздың берген мағлыўматына қарағанда ул балаларда қойылған айдар оның шаңарақта жалғыз перзент екенлигинен дерек береди.

Өзиниң саналы өмирин қарақалпақ халқының этнографиясын изертлеўге бағышлаған илимпаз Х. Есбергенов бир неше жыллар даўамында тарийх, тил, әдебият институтында усы тараў бойынша мийнет етип этнография илиминиң жетик қәнигеси дәрежесине еристи. Сондай-ақ, бир неше шәкиртлер таярлап, олардың кандидатлық, докторлық диссертацияларын таярланыўына басшылық етти. Ҳәзирги күнде оның шәкиртлери тарийх илиминиң түрли тараўлары бойынша илимий жумысларын даўам еттирип келмекте.

**ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР**

1. «Қарақалпақстанда этнографиялық изертлеўлер: тарийх ҳәм заманагөйлик» Хожахмет Есбергеновтың 90-жыллығына бағышланған илимий-әмелий конференция материаллары. -Нокис. 2023.
2. Хожаниязов Ғ., Қудияров А. Белгили этнограф Хожахмет Есбергенов 70 жаста // Вестник ККОАНРУз., 2004, №5-6.
3. Есбергенов Х., Хошниязов Ж. Этнографические мотивы в каракалпакском фольклоре. -Т., 1988.

4. Есбергенов Х., Атамуратов Т. Традиции и преобразование в городском быту каракалпаков. -Нокис. 1975.
5. Есбергенов Х., Ягодин В.Н. Некоторые итоги изучение мазара Шамун-наби // Вестник КК ФАН УзССР, 1966, №4.
6. Қарақалпақлардың гейпара дәстүрлери. - Нокис. 1964.